

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga judul nyaéta “Kumpulan Carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural jeung Aspék Sosial)”. Anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita) jeung aspék sosial (agama, moral, ékonomi, politik, jeung atikan) tina salapan carita pondok, tina buku kumpulan carpon *Cinta* karya panglawungan 13.

Struktur carita nu dipaluruh dina salapan carpon tina kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 nyaéta ngawengku téma, galur, palaku jeung watek, latar, judul, sarta puseur implengan.

Téma tina salapan carpon nu kapaluruh sacara gurat badagna mah sarua, nyaéta sosial kahirupan asmara nu teu leupas tina masalah sosial kulawarga jeung rumah tangga, kitu deui sabalikna. Carpon nu kapaluruh téma kahirupan asmara na nyaéta “Balakaciat”, “Nu Kungsi Dipiharep”, jeung “Tasma”. Carpon nu kapaluruh téma sosial kahirupan asmara nu teu leupas tina masalah kulawarga nyaéta “Naratna Duriat”, “Ligarna Haté”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, jeung “Nu Teu Dipiharep”. Carpon nu kapaluruh téma sosial kahirupan asmara nu teu leupas tina masalah rumah tangga nyaéta carpon “Cinta” jeung “Kagémbang Kalangkang Heulang”.

Galur nu kapaluruh tina salapan carpon nyaéta galur campuran, nu ngawengku galur maju di awal jeung akhir carita sarta galur mundur di tengah carita.

Palaku nu kapaluruh tina salapan carpon téh tangtu béda-béda, palaku dina carita kabagi jadi dua nyaéta palaku utama jeung palaku tambahan. Dina carpon “Cinta” kapaluruh aya tilu palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung dua palaku

tambahan. Dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang” kapaluruh aya tilu palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung dua palaku tambahan. Dina carpon “Naratna Duriat” kapaluruh aya opat palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung tilu palaku tambahan. Dina carpon “Balakaciut” kapaluruh aya tilu palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung dua palaku tambahan. Dina carpon “Ligarna Haté” kapaluruh aya genep palaku, nyaéta dua palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carpon “Nu Kungsi Dipiharep” kapaluruh aya opat palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung tilu palaku tambahan. Dina carpon “Sanggeus Sapuluh Taun” kapaluruh aya lima palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carpon “Nu Teu Dipiharep” kapaluruh aya tilu palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung dua palaku tambahan. Anu pamungkas dina carpon “Tasma” kapaluruh aya tilu palaku, nyaéta hiji palaku utama jeung dua palaku tambahan.

Latar anu dipaluruh téh dibagi jadi tilu nyaéta latar waktu, latar tempat, jeung latar sosial. **Latar waktu** nu kapaluruh lima menit, lima taun, taun kamari, dina mangsa, pukul sapuluh, saptu, bada lohor, ayeuna, lima belas taun, sapuluh taun, taun kamari, poé ieu, harita, pasosoré, kamari, dua taun, peuting, baheula, dua bulan ka tukang, 16 taun, dua taun, asar, taun kalima, tilu poé, tilu bulan, tilu taun, unggal sasih, poé ahad soré, asar, bulan kamari, poé munggaran kuliah, bada lohor, tadi wengi, basa adan magrib, dua poé, sajam, isuk kénéh, jeung dina hiji mangsa. **Latar tempat** nu kapaluruh dina salapan carpon nyaéta di TK Asih Ibu, di Panti Mutiara Kasih, di Yayasan, kamar, maranggi, di villa, di kantor, di lanté dua, di teras imah, di rumah sakit, ruang tengah, di Dayeuh Ngora jeung Gunung Kulambu, di kulon, di buruan, di tungtung jalan jeung kota, di kénca, di beulah katuhuna, di buruan imah, rumah sakit, di payuneun mall, di imah, lapang, di luar negeri, Asrama Tunanetra, di kampus, di hiji gedong Yayasan Netra Indonesia, di kamar Gelatik, di kamar Anggrek, di luhureun terminal Ledeng, di Bandung, di masjid, di kamar mawar, di hiji SLB, jeung di kamar. Nu pamungkas nyaéta **latar sosial** nu kapaluruh dina salapan carpon nyaéta ngurus budak panti jeung ngaganti pimpinan panti, donatur panti asuhan,

Milly Dwiyani Putri, 2023

KUMPULAN CARPON CINTA KARYA PANGLAWUNGAN 13 (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ASPÉK SOSIAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditungtun dina pagawéan ku seniorna, ngurus indungna, ngajagaan salaki nalika gering nepi ka pupusna, nulungan Salsa sangkan teu labuh, béda silsilah katurunan di kulawarga, ngadonorkeun darah, nulungan pamaén nu cidera, nungtun jeung ngajajapkeun Dédé, adi ti bapa na daék ngurus Enéng, meré ningali soal ka Purbasari, jeung nawaran maké duit Lukman keur meuli tasma.

Judul tina salapan carpon nu kapaluruh nyaéta yén dina unggal judul carpon miboga patali jeung eusi caritana, boh sacara langsung boh sacara teu langsung. Puseur implengan nu kapaluruh tina salapan carpon téh aya dua. **Puseur implengan** jalma kahiji ‘Kuring’ kapaluruh tina tujuh carpon nyaéta, “Kagémbang Kalangkang Heulang”, “Naratna Duriat”, “Balakaciut”, “Nu Kungsi Dipiharep”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, “Nu Teu Dipiharep” jeung “Tasma”. Puseur implengan jalma katilu kapaluruh tina dua carpon nyaéta carpon “Cinta” jeung “Ligarna Haté”.

Aspék sosial nu dipaluruh dina carpon téh dibagi jadi lima nyaéta aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan. Tina salapan carpon nu dianalisis, kabéh kapaluruh ayana aspék sosial agama jeung aspék sosial moral dina eusi caritana. Aspék sosial ékonomi kapaluruh dina tujuh carpon, dua carpon teu kapaluruh ayana aspék sosial ékonomi nyaéta dina carpon “Balakaciut” jeung “Sanggeus Sapuluh Taun”. Aspék sosial politik kapaluruh aya dina opat carpon, anapon dina carpon “Kagémbang Kalangkang Heulang”, “Ligarna Haté”, “Sanggeus Sapuluh Taun”, “Nu Teu Dipiharep”, jeung “Tasma” teu kapaluruh ayana aspék sosial politik. Anu pamungkas aspék sosial atikan kapaluruh dina genep carpon, anapon dina carpon “Balakaciut”, “Nu Kungsi Dipiharep”, jeung “Nu Teu Dipiharep” teu kapaluruh ayana aspék sosial atikan.

Dumasar kana pedaran ngeunaan hasil analisis struktur jeung aspék sosial bisa dicindekkeun yén dina buku kumpulan carpon *Cinta* karya Panglawungan 13 miboga struktur carita nu lengkep. Dina salapan carpon ngagunakeun téma nu teu leupas tina sosial kahirupan asmara, kulawarga jeung rumah tangga, latar

nu digunakeun ogé rupa-rupa, judul nu dipaké ogé miboga patali jeung eusi caritana. Anapon dina aspék sosial nu kapaluruh tina salapan carpon téh béda-béda, bisa dijadikeun eunteung keur kahirupan sapopoé ogé. Nilik kasang tukang panulis tina entragan, tangtu miboga aspék sosial dina unggal caritana bakal warna-warni. Lantaran idé/gagasan sarta kamandang panulis dina nepikeun ajén kahirupan kana carita téh moal sarua.

5.2 Implikasi

Dina panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahengkéran. Ti saluareun ayana kahengkéran, hususna dina ieu panalungtikan dipiharep yén kaonjoyan dina ieu panalungtikan bisa ngajembaran paélmuan dunya sastra hususna dina ulikan struktural jeung aspék sosial dina carita pondok.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi atawa saran pikeun pamaca, masarakat, jeung panalungtik satuluyna. Pikeun pamaca jeung masarakat dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan jeung ngajembaran pangaweruh sarta pangalaman maca hasil kajian sastra. Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan masih kénéh loba kurangna. Hartina masih loba hal nu bisa ditalungtik leuwih jero, hususna tina buku kumpulan carpon *Cinta* nu bisa ditalungtik ngagunakeun pamarekan nu séjén ku panalungtik satuluyna.